



## Pwogram Akò Peman Byen Imobilye Pwopriyetè A Abite Ladan

Pran yon depa tounèf ak Taks sou Pwopriyete Imobilye ki Anreta. Ou pa bezwen yon peman avans!

Pwogram Akò Peman Byen Imobilye Pwopriyetè A Abite Ladan (Owner-Occupied Real Estate Payment Agreement, OOPA) pèmèt rezidan ki posede kay epi ki abite ladan fè peman chak mwa sou taks ki anreta yo. Peman yo baze sou revni fwaye a ak gwochè fanmi an.

### Egzijans pou kalifikasyon

- Prèv revni an obligatwa
- Prèv kote ou rete a obligatwa
- Kandida yo dwe rete anrèg ak fiti Taks sou Pwopriyete Imobilye yo. Ou ka peye taks pi devan yo okonplè, oswa ajoute yo nan akò ou an nan kèk ka.

Jwenn plis enfòmasyon nan [phila.gov/OOPA](http://phila.gov/OOPA) oswa rele (215) 686-6442

### Kalkil Peman Chak mwa yo

Egzanp pou yon fanmi ki gen de moun, si revni chak mwa a se:

- **\$5,339 oswa plis:** ou peye 10% nan revni chak mwa ou a.
- **\$3,818 - \$5,338:** ou peye 10% nan revni chak mwa a. N ap anile 100% penalite.
- **\$2,289 - \$3,817:** ou peye 8% nan revni chak mwa a. N ap anile 50% enterè ou ak 100% penalite.
- **\$1,147 - \$2,288:** ou peye 5% nan revni chak mwa ou a. Nou anile 100% enterè ak 100% penalite.  
Nan revni sa a, si ou gen laj 65 lane oswa plis, 55 ane epi ou se yon vèf/vèv, oswa andikape anpèmanans, ou peye 0% nan revni mansyèl.
- **Mwens pase \$1,146:** ou peye: \$0. N ap anile 100% enterè ak 100% penalite.

Kontakte nou pou konnen montan egzak peman yo pou kay ou a.